UNHCR
L'Agence des Nations Unies pour les réfugiés

# DEMANN AZIL : FASON OU KA PWOUVE IDANTITE W

**Lè w pa kolabore ak otorite peyi Kanada yo pandan ou detwi osinon kache dokiman idantite w, lakoz yo pran plis tan pou konfime kiyès ou ye epi sa ka menm mete w nan sitiyasyon pou yo arete w.**

## IDANTIFIKASYON SE YON OBLIGASYON :

Si ou vini Kanada pou mande azil

Pou ou menm ak tout manm fanmiy ou ki ansanm ak ou

Pou pwouve kiyès ou ye epi montre kisa lòt moun nan fanmi w yo ye pou ou

**pyès idantite se meyè fason pou pwouve kiyès ou ye.*

## KIJAN OU KAPAB PWOUVE KIYÈS OU YE :

Ak paspò ou

Aklisansou

Ak batistè ou (ak batistè timoun yo tou)

Ak Kat Idantite Nasyonal la.

Sètifika maryaj

**Oubyen tout lòt dokiman ki gen awè ak idantite w*

## OU DWE KOLABORE SAN REZÈV POU KAPAB PÈMÈT ANSANM DEMACH W AP FÈ POU DEMANN AZIL OU A VIN PI FASIL :

Pandan ou bay tout dokiman idantite ou genyen ak ou.

Pandan w ap reponn tout kesyon otorite peyi Kanada ap poze w.

Pandan w ap eksplike otorite peyi Kanada yo kijan ou fè pou rive Kanada.

Pandan ou montre otorite peyi Kanada yo tout dokiman kit se bon dokiman kit se fo dokiman ou te itilize pandan vwayaj la.

## OU GEN DWA :

Pou gen yon entèprèt, nan fwontyè a ni pandan tout etap w ap fè demann azil la.

Pou gen èd jiridik si toutfwa yo ta mete w nan prizon.